# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–04 अगस्त 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु सहारनपुर में तीनि सौ एक्यासी करोड़ रूपिया क लागत वाली पनरह विकास परियोजनन क लोकारपण कइलें। येह मौका पर उहां के एगो जनसभो के सम्बोधित कइलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि केन्द्र अउर प्रदेस क डबल इंजन सरकार सहारनपुर क्षेत्र के उपेक्षा के खतम कइ के विकास अउर बिरासति के संरक्षण क नया अध्याय सुरू कइले है। सहारनपुर दौरा पर मुख्यमंत्री सहारनपुर मण्डल क तीनि जिला–मुजफ्फरनगर, सहारनपुर अउर शामली के जनप्रतिनिधियन के साथे एगो बिसेस समीक्षो बइठकी कइलें।

**********

लगतारे हो रहल बरखा के नाते नदियन के उफनइले से प्रदेस क कई जिला में बाढ़ि के चपेटा में हवें। प्रयागराज, मिर्जापुर, वाराणसी, गाजीपुर, भदोही अउर चंदौली के सथहीं प्रदेस के कई जिलन क सैकड़ों गांव बाढ़ि से परभावित हवें। बरखा के नाते प्रयागराज में कक्षा एक से बारह तक क सज्जो विद्यालय बिहने से सात अगस्त ले बन्न कइ दिहल गइल बाटे। ओहर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निरदेस पर बाढ़ि परभावित इलाकन में मंत्री लोगि दौरा कइ रहल हवें। एगो रिपोर्ट–

***राज्य के कई जिलों में बाढ़ की स्थिति को देखते हुए मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने मंत्रियों को प्रभावित इलाकों में बचाव और राहत कार्यों की मॉनिटरिंग के लिये लगाया है। इसी क्रम में प्रदेश के कैबिनेट मंत्री नंद गोपाल गुप्ता नंदी और आशीष पटेल आज मिर्जापुर के कोन विकास खण्ड में स्थापित बाढ़ राहत शिविर पहुंचे। उन्होंने बाढ़ पीड़ितों में राहत सामग्री का वितरण करने के साथ उन्हें आश्वस्त किया कि सरकार उनके साथ खड़ी है। उधर, वित्त और संसदीय कार्य मंत्री सुरेश खन्ना ने वाराणसी में बाढ़ प्रभावित क्षेत्रों का दौरा किया। बाढ़ राहत शिविरों में राहत सामग्री का वितरण कर श्री खन्ना ने उन्हें सरकार की ओर से हर सम्भव सहयोग का भरोसा दिया। समाचार कक्ष से मैं रीतेश।***

येह बिच्चे, मौसम विभाग अगिला कुछु दिन ले प्रदेस के कई इलाकन में मध्यम से भारी बरखा क अलर्ट जारी कइले है।

**********

पवित्तर सावन महिन्ना के आखिरी सोम्मार पर प्रदेस भर में सरधालु अउर कांवड़िया लोगि आजु तड़के से एतिहासिक मंदिरन आ शिवालयन में जलाभिषेक कइ के भगवान शिव क आराधना कइ रहल हवें। बनारस में आजु बाबा विश्वनाथ क खास श्रृंगार कइल गइल आ काशी विश्वनाथ धाम आइल सरधालुअन पर फूल बरसा के उनकर स्वागत भइल। सावन के आखिरी सोम्मार पर भगवान राम क नगरी अजोध्यो शिवमय नजर आइल। एइजा सरधालु लोगि सरजू में नहइले के बादे नागेश्वरनाथ महादेव क सरजू नदी के जल से अभिषेक कइलें। प्रदेस भर के प्रमुख शिवालयन में जलाभिषेक बदे सरधालुअन क लमहर लाइनि लागल रहल।

**********

अजोध्या के श्रीराम मंदिर परिसर में शेषावतार मंदिर के लग्गे पुण्य आत्मा लोगिन क एगो स्मारक बनावल जाई। ई जनकारी श्रीराम मंदिर निर्माण समिति क अध्यक्ष नृपेन्द्र मिश्र आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत क दिहलें। उहां के बतवलीं कि ई स्मारक इग्यारह मीटर ऊंच होई।

**********

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सथहीं देस भर क कई गो जानल–मानल लोगि झारखण्ड क पूर्व मुख्यमंत्री शिबू सोरेन के आजु भइल सरगबास पर दुख जतवले हवें।

प्रधानमंत्री सोसल मीडिया पर एगो पोस्ट में कहलें कि श्री सोरेन जनजातीय समुदायन, गरीब अउर उपेक्षित लोगिन के ससक्तीकरण बदे खास कोसिस कइलें। ओहीं, मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया पर जारी अपने सोक सनेसा में कहलें कि स्वर्गीय सोरेन जनजातीय समाज के उत्थान खातिर आपन जिनगी समरपित कइ दिहलें।

**********

पत्र सूचना कार्यालय क फैक्ट चेक इकाई भारत अउर अमरीका के बिच्चे हलिये में सुल्क से जुड़ल घटनाक्रम के बारे में भ्रामक जनकारी फइलावे वाला सोसल मीडिया अकाउंट्स क निंदा कइले है। एगो रिपोर्ट–

***इन अकाउंट्स पर विदेश मंत्रालय और अमरीका के राष्ट्रपति डॉनल्ड ट्रंप के नाम से मनगढ़ंत बयान देने का आरोप है। फैक्ट चेक इकाई ने उपयोगकर्ताओं को ऑनलाइन प्रसारित हो रही गलत सूचनाओं और झूठे प्रचार के झांसे में न आने की चेतावनी दी है। इकाई ने लोगों को ऐसी किसी भी सूचना को साझा करने या उस पर विश्वास करने से पहले हमेशा आधिकारिक स्रोतों से पुष्टि करने की सलाह दी है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

सजायाफ्ता विधायक मुख्तार अंसारी क बेटा उमर अंसारी के काल्हि गाजीपुर पुलिस गिरफ्तार कइ लिहलसि। ओइजा क पुलिस अधीक्षक डॉक्टर इरज राजा आजु पत्रकार लोगिन से बतियावत कहलें कि उमर अंसारी के फरजीवाड़ा के आरोप में गिरफ्तार कइल गइल है। ओह पर मुख्तार अंसारी क जब्त कइल गइल सम्पत्ति के छोड़ावे खातिर फरजीवाड़ा कइले क आरोप है।

**********